

## **Deklarasyon Politik sou Non-Diskriminasyon (Tit VI)**

---

Sa ki annapre a se deklarasyon politik non-diskriminasyon SJTPO a, ki kouvri tout pwogram ak aktivite li yo :

SJTPO angaje li pou li respekte Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la, Lwa Restorasyon Dwa Sivil 1987 la, ansanm ak tout lòt lwa, règ, regilasyon ak dekrè egzekitif ki gen rapò ak non-diskriminasyon.

SJTPO garanti okenn moun oswa gwoup moun pa dwe, sou baz ras, koulè, laj, andikap, orijin nasyonal, sèks oswa nivo revni, ekskli nan patisipasyon, refize benefis, oswa sibi diskriminasyon nan pwosesis planifikasyon transpò metwopolitèn ki obligatwa pa gouvènman federal la epi SJTPO ap dirije, kit aktivite yo finanse pa lajan federal oswa pa.

SJTPO genyen tou yon politik pou asire tout plan, pwogram, pwosedi, politik ak aktivite li yo pa gen efè negatif ki pa pwopòsyonèl sou popilasyon minorite ak popilasyon ki gen ti revni. Kominote minorite yo ak kominote ki gen ti revni yo, jan resansman Etazini an idantifye yo, ap patisipe pou fasilite patisipasyon yo total ak ekitab nan pwosesis planifikasyon transpò metwopolitèn nan. Anplis, SJTPO ap bay aksè ki gen sans nan sèvis pou moun ki pa pale angle byen.

Konsènan distribisyon fon èd federal bay soubenefisyè ki kalifye yo, SJTPO ap mete dispozisyon Tit VI nan tout akò ekri ki fèt atravè òganis administratif li a, South Jersey Transportation Authority (SJTA), epi li ap kontwòle akò sa yo pou asire yo respekte règ yo.

Direktè Egzekitif SJTPO a responsab pou inisye epi siveye Pwogram Tit VI òganizasyon an, pou prepare rapò ki gen rapò ak li, ansanm ak lòt egzijans ak responsablite ki anba Tit 23 Code of Federal Regulations (CFR) Pati 200 ak Tit 49 CFR Pati 21.

Pa \_\_\_\_\_

(Siyati Ofisyèl Otorize a)